Filsafat

Tembung **falsafah** utawi **filsafat** ing basa Jawi punika dipunpendhet saking basa Arab فلسة. Tembung Arab punika kapendhet saking basa Yunani; Φιλοσοφία *philosophia*. Ing basa Yunani, tembung punika inggih kalebet tembung majemuk saking tembung-tembung (*philia* = pamitran, kasih) kaliyan (*sophia* = "kawicaksanan"). Dados tegesipun inggih punika *tiyang ingkang remen kawicaksanan* utawi “ngèlmu”.

Tembung **filosofi** ingkang kapendhet saking basa Walandi uga dipuntepangi ing Tanah Jawi. Wujud pungkasan punika langkung mèmper wujud aslinipun. Ing basa Jawi basa Jawi satunggiling tiyang ingkang sinau babagan falsafah dipunwastani **filsuf**.

Filsafat punika seni pitaken raga, usaha manungsa kanggé nggayuh pangertosan babagan pagesangan kanthi ngginakaken cipta, rasa, lan karsa. Dhéfinisi tembung filsafat ugi saged dipunwastani satunggiling probléma falsafi falsafati. Nanging saged wicanten, manawi falsafah punika kinten-kintenipun inggih pasinaon tegesipun, saha panrapan kapitadhosan manungsa ing pérangan langkung dhasar kaliyan umum piyambak. Pasinaon punika dipunlampahi boten mawi eksperimen-eksperimen, nanging mawi mangutarakan perkawis mawi cara ingkang presis kaliyan awèh solusi. Lajeng nyukani argumèntasi ingkang leres kanggé solusi punika saha pungkasanipun prosès-prosès wau sadaya dipunlebetaken ing salebeting *dhialèktika*. Dhialèktika punika cekakipun inggih satunggiling wujud dialog.

Logika punika ugi ngèlmu pérangan ingkang ugi dipuntliti matématika kaliyan filsafat. Bab punika dados nuduhaken manawi filasafat punika satunggiling ngèlmu ingkang saged dipunwastani ugi gadhah sisih-sisih eksakta, boten kados punapa ingkang dipunraos tiyang kathah.

Kapurih ugi kersa mriksani

- Pratélan filsuf
- Filsafat Kulon
- Filsafat Wétan
- Filsafat Wétan-Tengah

Dijupuk saka "https://jv.wikipedia.org/w/index.php?title=Filsafat&oldid=1428341"

Kaca iki pungkasan diowah nalika 06.19, 6 Maret 2018.

Tèks iki cumepak kanthi Lisènsi Atribusi-DumSaèmper Creative Commons; paugeran tambahan bokmanawa uga lumaku. Wacaa Paugeran Panganggo kanggo rerincèné.